ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№108 (23.922) ● 2019 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек Налшык къалэм къедза къуажэхэр къеплъыхь

Кэнжэ къуажэм КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыщIыщытащ кIурит еджапIэ №20-м спорт джэгукIэ зэмылIэужьыгуэхэр щрагъэкIуэкI, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплекс зыхэт Iуэхущ1апIэр зэрыщащIыр. Ар дызыкуэкIуэ мазэм хьэзыр хъун хуейщ. ЩIыналъэм и унафэщIыр апхуэдэу еплъащ а еджапIэм и спорт залыр капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжым. Лэжьигъэкэр зэфIагъэкI федеральнэ IэнатIэм и ахъшэкIэ. Унэ кIуэцIыр зыхуей хуэзэу зэрахьащ, ар зэрагъэплъ системэр, инженер коммуникацкэхэр зэрахъуэкIащ, уэздыгъэхэр щIэуэ фIадзащ.

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ и спортсменхэм ядэIэпыкъуным пыщIа Iэхуэхэм КIуэкIуэ К. В. тепсэлъыхьащ «Уэрдыхъуитхум я академие» спорт центрым и гъэсакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ щахуэзам. Мыбы бэнэкIэ хуитымрэ тхэквондомрэ дихьэх спортсмен ныбжьыщIэ 300-м щIигу къокIуалIэ, абыхэм зи узыншагъэм сэкъат иIэхэри яхэту.

Къуажэдэсхэм унафэщIым къыхуалуэтащ къызэрызэIуах махуэрэ зыгъэпсэхупIэу, творческэ зыужьыныгъэм и Iуэхущ1апIэу Щэнхабзэмкlэ унэр зэрыщытыр икIи абы жылагъуэм щыпсэухэм гуфIэгъэу дауэдапIщ нэхъыщхьэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр. Мыбы щIалажьэ Iуэрэд жыIэныр, сурэт щыным, къафэм щыхуагъасэ гупжьейхэр. Iуэхущ1апIэм зи лъэр къызыдэмыбзэхэри къекIуэлIафым папщIэ щIыхьэпIэхэр зэрагъэпэщыж.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек щыIащ Белая Речкэ къуажэм нэгъабэ къыщызэIуахауэ щыта сабий сад №12-м. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 140-м ятещIыхьа мы Iуэхущ1апIэр щхьэхуэу ягъэпIа, абы музыкэм щыхуагъасэ, джэгупIэ пэшхэр хэтщ.

Ауэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щIэныгъэ гъэдэхэн егъэгъэтыныкIэ программэм хиубыдэу спорт лэжьыгъэ нэхъыщхьэр щекIуэкIынур къалэм дэт спорт еджапIэ №3-м и Iуэхущ1апIэу мыбы щыIэрщ. Иджыпсту ар къэгъэщIэрэщIэжьи яухащ икIи бэнэкIэ хуитым, боксым щIыху 200-м зыщыхуагъэсэну пэшыщIэхэр мыгувэу къыщыызэIуахынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр еплъащ къуажэм щэнхабзэмкIэ и унэщIэр щащIыну щIыпIэм. Иджыпсту мыбы щылажьэ Щэнхабзэмкlэ унэр жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу къуажэм и унафащIхэм яубзыхуащ иджырей зыгъэпсэхупIэ комплексыр зытращIыхьыну щIыпIэр.

Муниципалитетым и унафэщIхэм хуагъэуващ а ухуэныгъэр федеральнэ программэхэм ящыщ зым хагъэхьэн папщIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр КъБР-м Укуэныгъэмрэ гъэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм щIыгъуу зэфIагъэкIыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Творческэ лэжьакIуэхэр ягъэгуфIэ

Къэбэрдей театрым и автобусыщIэ

Урысейм Театрым и махуэр щыгъэлъэпIэным хиубыдэу УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым федеральнэ бюджетым и ахъшэкIэ «Форд» автобусыщIэ къыхуащэхуащ. Иджы артистхэр районхэмрэ къуажэхэмрэ, сабий садхэмрэ школхэмрэ, апхуэдэу ди гъунэгъу республикэхэм нэхъыбэрэ кIуэфынущ.

Гуащэ театрым и кIэн къокI

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ Урысей Федерацэм щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ щагъэзащIэ къэрал программэм ипкъ иткIэ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партымрэ я дэIэпыкъуныгъэм иджыблагъэ хуабжьу щыгугфыкIащ къэрал республикэм и гуащэ театрым и лэжьакIуэхэр. Федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ абы къыхуащэхуащ цIыху 19 зэрыхуэ ВАЗ, цIыху 17 зэрыхуэ «Форд» автобус-хэр.

Дяпэкlэ театрым гастролхэр республикэми абы и щIыбкIи нэхъ тыншу щрагъэкIуэкIынущ, ахъшэ и лъэныкъэкIи и Iуэхур нэхъ дэкIынущ.

Къэбэрдей театрым и автобусыщIэ

Урысейм Театрым и махуэр щыгъэлъэпIэным хиубыдэу УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым федеральнэ бюджетым и ахъшэкIэ «Форд» автобусыщIэ къыхуащэхуащ. Иджы артистхэр районхэмрэ къуажэхэмрэ, сабий садхэмрэ школхэмрэ, апхуэдэу ди гъунэгъу республикэхэм нэхъыбэрэ кIуэфынущ.

● КъБР-м и Правительствэм

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Iуэхущ1апIэхэр зэрыхуэхьэзырым топсэлъыхь

Электрокъарукlэ къызэрызэрагъэпэщым шынагъуэ къытемыгъэхьэныкIэ Правительствэм и комиссэм (Федеральнэ штабым) и зэIущIэу блэкIа махуэкум Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъект псоми я лIыкIуэхэр къырихьэлIэу УФ-м энергетикэмкlэ и министрым и къуэдзэ Черезов Андрей Налшык щригъэкIуэкIам щыхэплъащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым энергетикэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ я Iуэхущ1апIэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ зэфIагъэкIэм.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхъус псалъэхэмкlэ захуигъаззэри, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий** хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ мыхьэнэшхэу зиIэ мы Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкIуэкIыну зэрытраухуам папщIэ икIи лэжьыгъэ тэмэм зэфIагъэкIыну зэIущIэм хэтхэм ехъуэхъуащ.

Черезов Андрей Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы Iуэхум хъарзынэу зэрекъулIэр къыхигъэщхьэхукIащ икIи апхуэдэ лэжьыгъэ зэфIэзыгъэкIэм ехъуэхъуащ. Абыхэм къадэкIуэу, къыхигъэщхьэхукIащ къэпсалъэм, Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми илъэс бжьыгъэкIэрэ зэтрихьа гугъуехьхэр щылIэщ икIи округыр электрокъарукIэ къызэгъэпэщыным хэлъ мыхъумыщIагъэхэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ программэ хэхахэр къащтэн хуейщ.

Абы зэIущIэм хэтахэм ягу къыгъэкIыжащ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэ щхьэхуэхэм щыIэ гугъуехьхэр къызэнэкIа хъун папщIэ къэралым и унафэщIхэм къагъэува пщэрылъ нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщщ зэхэзедзэн хъуа икIи зыми Iэщ1эмылъ сетхэр «Россети» къэрал холдингым и баланСым хэгъэхьэныр. А лэжьыгъэр дэгъэкIыныр щIагъэпсынщIэну хуагъэувауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и къэрал властым и органхэм я лIыкIуэхэм. Мы Iуэхур гъэззащIа зэрыхъум кIэлъыплъыну и пщэ иралъхьащ «Россети» компанием и официальнэ лIыкIуэ Иванов Виталий.

- Нэхъ шынагъуэ ин дыдэу мыбы хэлъыр, - къыхигъэщхьэхукIащ министрым и къуэдзэм, - зыми Iэщ1эмылъ сетхэр зэрамыгъэпэщыжу илъэсипщ1 бжьыгъэкIэрэ къызэрагъэсэбэныщ.

Абы къигъэльэгъуащ сетхэм щафIэкIуэд электрокъарур гъэмэщ1эным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, сыту жыпIэмэ а бжьыгъэхэм ядыгъу электрокъарурри хатхэ.

- Кавказ Ищхьэрэм и языныкъуэ республикэхэм щафIэкIуэд электрокъарур егъелеяуэ инщ - процент 40-м щынэс щыIэщ. «Россети» компанием иужьрей зэманым апхуэдэ мыхъумыщIагъэм хуэфащэн гулъытэ хуищIащ икIи абы Iуэху хъарзынэхэр кIрокIуэ. Ауэ мы гугъуехьыр зэщIыгъуу дагъэкIын хуейщ, сыту жыпIэмэ абы энергетикэм кIыдэкIуэу есы щынальэхэми я сэбэн хэлъщ, - къыгъэльэгъуащ Черезов Андрей.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Махуэшхуэхэр

Гукъыдэж лъагэ

КъБР-м и Къэралыгъуэм (илъэс 98-рэ), Налшык къалэм (илъэси 295-рэ) я махуэхэр ди республикэм Iэтауэ зэрыщагъэлъэпIа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ я фестивалыр. «Лъэпкъ зэхэджэ» («Национальная палитра») зыфIаща зэхыхьэр Къэбэрдейр зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щIэкIэ щыIэ утыкум щыIэхащ.

ЦIыХУХЭМ гукъыдэжышхуэ яIэу, зэхуэгуфIэу, зэхуэгуапэу щызэхуэсащ утыкум. Щхьэж къыхуагъэфэща пщыIэхэм Iэнэ кIыхьэр щыукъудият. Адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм, куржыхэм, абхъазхэм, тыркухэм, журтхэм, осетинхэм, эстонхэм, тэрч къзакъхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэми я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ я Iэнэхэр ерыскъы зэмылIужьыгуэхэмрэ я Iуэхущ1афэр нэхъ къызэращIэ хьэпшыпхэмкIэ уздат. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iэнэм тетт хъэлыуэ, тхъурыжь, джэд лыбжьэ, махъсымэ, къуейжьапхъэ, лэкъум, дэлэн, щIакхъуэзэтеупIэщIыкI лъэпкъ шхыныгъэхэм хуэдэхэр, гуэгуэнэр, арджэнхэр, тхылъ, газет, махуэгъэпс зэмылIэужьыгъэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI дамыгъэхэр зи теплъэ бгъэхэIухэмрэ малъхъэдискIэ кIэрыбгъапщIэ сурэтхэмрэ, нэгъуэщI куэди. ПщыIэм и деж къыIухьэхэм ягу хагъахуэрт пшынауэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ, адыгэ фащэр екIуу зыщыгъ, Кэнжэ дэт курыт школым и еджакIуэ щIалитIымрэ хъыджэбзитIымрэ. ЦIыхухэр къыззхуэсу зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыну уридэкIуеину къыщиуда уэшхми зыри игъэгуэзвакъым, я гукъыдэжри нэхъ мащIэ ищIыфакъым.

Фестивалым зыкърагъэхьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, министрхэм, депутатхэм. Япэу ахэр хуеблэгъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и пIанэпэм. А жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** КIуэкIуэ Казбек ирита мэрэмэжьейр гупым и нэхъыжьхъэм зыIуагъахуэу ерыскъыми хэIэба иужь, Iуэхущ1апIэм гуапэу къэхуэзыхуащ Iэтащхьэр. Апхуэдэу псоми я пщыIэхэм Iухьащ къулыкъущIэхэр, я гъэльэгъуэныгъэм еплъащ, я хъуэхъу зэхрагъэхащ, хэгъэрейхэм я псалъэми едэIуащ.

Музыкэ театрым и artистхэм, сабий ансамблхэм концерт щатырт. Махуэшхуэм кърихьэлIахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ Хьэкъул Оксанэ, Хекилаевэ Денизэ, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ныжьыщIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Мыпхуэдэ фестиваль ди республикэм и къалащхьэ Налшык нэхъ мащIэрамэ илъэсым тIэу щызэхашэ - КъБР-м и Къэралыгъуэм, Налшык я махуэхэм ирихьлIэу, Адыгэхэм я махуэм хуэзэуи, етIуанэ махуэшхуэр щыдгъэльэпIэну фокIадэм и 20-р зэхудипIалъэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хэхыныгъэ-2019

«Урысей зэкъуэт» партым къехь процент 65,85-рэ

КъБР-м и Парламентым хэтыну политикэ партхэм я хэхьыныгъэр зэфIэкIащ. Бжьыпэр иубыдащ «Урысей зэкъуэтым». Iэлэтым кърихьэлIахэм я процент 65,85-р и телъхьэу къыщIэкIащ а партым. Хэхьыныгъэхэм кърикIуахэм дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Хэкиуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав и лэжьапIэ пэшым щекIуэкIа зэIущIэм.

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, Iэлэтыр бзыгIэIунщэу, къаугъэншэу зэфIэкIащ. Бюллетенхэм дриплъэжа нэужь наIуэ къэхъуащ мыпхуэдэ бжьыгъэхэр: Iэ зыIэтахэм я процент 12,84-р дэщIащ КПРФ-м, «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей» партым процент 10,35-м Iэ хуаIэтащ. ЛДПР-мрэ «ЩхьуантIэхэмрэ» процент тхурытху къалъысащ, «Гражданская платформа»-м процент 0,62-м и телъхьэу къагъэлъэгъуащ. Сохъуэхъу, сыт щыгъуи хуэдэу, япэ увыпIэр зыубыда «Урысей зэкъуэт» партым, - жиIащ Джэшым.

КПРФ-м КъБР-м и Парламентым щиIэ фракцэм и унафэщI Пащты Борис къыщыпсалъэм къыхигъэщащ хэхыныгъэхэм сыт хуэдэ бжьыгъэ къримыкIуами, псори зыхуэпэжьжьыр ди щIыналъэр аращи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъриефIэкIуэ папщIэ, дяпэкIи яхуэзфIэкI къамыгъанэу я кулыкъум зэрыпэрытынур.

ФЫРЭ Анфисэ.

○

Гукъанэ хэмылъу икIи нэжэгужэу

ФокIадэм и 8-м екIуэкIа Iэлэтым жьыджэру хэтахэм ящыщщ Бахьсэн районым хыхьэ Куба къуажэр. Абы и хэхьипIэ участкитIым цIыхуэхэр жыджэру екIуэлIащ пщэдджьыжьым щыщIэдзауэ. 23-нэ участкэм дэ щытлъэгъуащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и цIэкIэ кIэлъыплъакIуэу игъэкIуэ Нэгуэр Лев. Аращ сыхьэти 8-м хуахъхьэу Iэлэтыр къыззэIуахари. Апхуэдэу щыIащ «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей» политикэ партхэм, КПРФ-м, ЛДПР-м я лIыкIуэхэр, Бахьсэн районым и администрацэм и лэжьакIуэ Шыбзыхъуэ Заур. Участкэм и унафэщI Мамыхъу Марианнэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м ирихьлIэу Iэ кIэтакIэт хэхакIуэ 1905-м е, нэгъуэщIу жьыпIэмэ, процент 58-м.

ХэхакIуэ комиссэм зы тхьэусыхэри къыIэрыхьакъым, хабзэр къызэпаудауэ жаIэу.

Апхуэдэ дыдэ Iэлэтыр гукъанэ гуэри хэмылъу щекIуэкIащ нэгъуэщI участкэми. Абы пщыхьэщхьэр сыхьэти 5-м ирихьлIэу Iэ щалэтакIэт хэхакIуэхэм я процент 58-м. ЖыIэн хуейщ политикэ партхэм ягъэкIуэ кIэлъыплъакIуэхэм ящыщу хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIа щыкIэмкIэ мыарэзыуэ зыри къызэрымыувар.

Къуажэм и школитIым я еджакIуэхэм къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

○

Инарыкъуей щыщ щIали хах

Ди республикэм и адрей щыпIэ псоми хуэдэу, Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэми КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр зэпэщу щрагъэкIуэкIащ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуаха махуэм фIым упигъаплъэрт. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ КIуащ Володэ къызэрыджиIамкIэ, хэхыныгъэхэр ныкъусаныгъэншэу екIуэкIащ. Псори зэхэту цIыху 680-м щIигу екIуэлIащ хэхыныгъэхэр щекIуэкI участкэм. Ар къуажэм дэсым я процент 68-рэ мэхъу. Сымаджэу хъыбар къезыгъэщIахэм я унэхэм кIуэурэ Iэ ирагъэIэтащ.

- Сэ сызэреплъыамкIэ, хэхыныгъэхэм щIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэ ин яIэщ, - къыддогуашэ КIуащIыр. - Хабзэубзыху органым и пщэ куэд дэлъщ, щIыхухэм я къэкIуэнур ефIэкIуэныкIэ абыхэм къалэн къызэрымыкIуэ ягъэзащIэ. Хэхыныгъэм пашэ щыхъуахэм щIыхухэр къаззрыщыгугъуэу Тхьэм хахъущIигъэкI!

Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым ди къуажэ щыщ щIала - Хъыбий Наур, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыбгъэдэкIыу ягъэльэгъуар - зэрыпхыкIар.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

○

Мыарэзыуэ зыри къэувакъым

ФокIадэм и 8-м екIуэкIа Iэлэтым Шэджэм щыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм дэсхэри хэтащ. Абы и хэхыпIэ участкэхэр сыхьэти 8-м къызэIуахащ.

Iэлэтым хэтыну гукъыдэж зыщIахэм мымащIэу яхэтащ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуа щIалэгъуалэр. Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщызэIуаха участкищым я унафэщIу щытащ НафIэдз Замир, Хьутат Луизэ, Щоджэн Жаннетэ сымэ.

- «Урысей зэкъуэт», «КПРФ», «Захуагъэ здэщIыIэ Урысей», «ЛДПР» партхэм я лIыкIуэхэр участкэхэм щыIащ. Политикэ партхэм я лIыкIуэхэм ящыщу зыри къэувакъым Iэлэтыр зэрекIуэкIа щыкIэмкIэ мыарэзыуэ. Хабзэр къызэпызыуда зэрыщымыIам щыхьэт техъуащ хэхакIуэ комиссэм хэтхэри. Къуажэдэсхэм ящыщу процент 68-м Iэ яIэтащ.

Апхуэдэуи, хабзэм тету пщыхьэщхьэм сыхьэти 8-м участкэхэр зэхуащIыжащ.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

○

Нэхъыжьхэр япэ йощ

Аруан жылэри жыджэру хэтащ тхьэмахуэ махуэм екIуэкIа хэхыныгъэхэм.

Къуажэдэс нэхъыжьхэр пщэдджьыжьым сыхьэтийм ирихьлIэу къыдэкIащ, жэуаплыныгъэ ин я пщэ къызэрыдэхуэр зэрызыхащIэр нэрылъагъуэ. Абыхэм зыкъыкIэрагъэхуртэкъым курыт ныбжьым иту республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэр къызыфIэлуэхуэми, мы гъэм япэу хэхыныгъэхэм хэтыну зи ныбжь нэса цIыкIуэхэм.

Къуажэм щыпIитI щыхухэхат хэхыныгъэхэм - курыт еджапIэмрэ Щэнхабзэмрэ унэмрэ. «ЦIыхухэм гукъыдэж яIэу къекIуэлIащ парламент хэхыныгъэхэм. Уеблэмэ, Аруан дэт Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр зэрыIыгъыуэ къыдэкIырт. Iуэху етхьэжьар зыхуей хуэзэныкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къытхуэхъуащ щыпIэ самоуправленэм и депутатхэр. Щэнхабзэмкlэ унэм а махуэр гукъинэжу щекIуэкIауэ, къуажэдэсхэм я къалэныр и кIэм нэсу ягъэззэщIауэ жысIэфIынущ», - къыддогуашэ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI Зыхьэ Оксанэ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

○

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху

Къэралым и зэIуэпэщыныгъэр куэдкIэ зэлъыта Iуэхум жэуаплыныгъэ пылъу иужь ихьахэм, зыхуей хуэзэу ар езыгъэкIуэкIахэм ящыщ зыщ Лэскэн районым хыхьэ Урыху (Къуэгъуэлъкъуей) жылэр.

Хэхыныгъэхэр щекIуэкI щыпIэм пщэдджьыжьым жьыуэ къекIуэлIэн щIадзат къуажэдэсхэм. Упсэуну щыгугъу зэманым гугъэфI уэзыгъэщIу къыщыхьу закъуэтIакъуэм хуагъадэрт къызытекIухьар. Арагъэнт абыхэм гукъыдэж къезытри. Щхьэж къыIыса бюллетеным Iэ зыхуаIэтыр, мурад нэхъ дахэ зиIэу, щIыхухэм я гъащIэр нэхъыфI зыщIыфыну къащыхъуэхэр епIэщIэкIыу иратэрт.

Къапщтэмэ, цIыху балигIыу, хэхыныгъэм хэт хъуну къуажэм щатха цIыху 2280-м ящыщу 1500-м Iэ яIэтащ. Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэрырагъэтам и щIыхьэтщ махуэ псом и кIуэцIкIэ къакIуэхэр зэрызэпымыуар. КъекIуэлIахэм я иужьрейр зэхьипIэ участкэр зэхуащIыжьыным дакъикъипщ1 иIэжу щIыхьащ.

ХЬЭТУ Синэмис.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи чэзыр къэмыса и зэIущIэр 2019 гъэм фокIадэм и 10-м екIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум IуэхущIапIэхэр зэрыхуэхьэзырым топсэлъыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Мы гугъуехьыр къыщэнэкIынымкIэ хэкIыпIэхэм ящыщ зы къыхилъхьащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым экономикэ, социальнэ политикэм пыщIа IуэхуэхмкIэ и департаментым и унафэщI **Днов Виктор**. Абы зэрыжиIамкIэ, «Россети» компанием Дагыстэным щIрагъэкIуэкIа егъэджэныгъэм Iэуху нэрылъагъуэхэр къырикIуащ. ИкIи апхуэдэ егъэджэныгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми щегъэкIуэкIынымкIэ хэкIыпIэхэм хэпльэн хуейщ.

Кавказ Ищхъэрэм щыIэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу Черезов Андрей къиргъэлъэгъуащ къагъэсбэпа электрокъарум и уасэр и зэманым зэрамытыр, псом хуэмыдэу абы и пьэныкъуэкIэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущ Iапl эхэр къыззэрыкIэрыхуэр. Зэрыщыту къапщтэмэ, электрокъарум и уасэм щыщу ику иту ятыр процент 62-рэ ирикъурк ым, языныкъуэ щIынальхъэм ар щынэхъ мащIэжщ - процент 35-50 хъуэу аращ.

- ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, «Россети» компанием и субсидиехэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр ирогажьэ икIи абы щIыхуэу сом мелард бжыгъэ зэрытелъырщ электрокъарур зэрыIыгъыу къэщэхунымкIэ къащта къалэнхэр щIахуэмыгъэзащIэр. Апхуэдэу щыт пэтми, къыхэзгъэщыну сыхуейщ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэу плIым - Осетие Ищхъэрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным и Iуэхур нэрылъагъуу зэрефIкIуар, - жиIащ «Россети» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ **Иванов Виталий**.

Апхуэдэу абы кIигъэлъэгъуащ инвестицэ программэхэр ипэжыпIэкIэ къалэрыкьэ ахъшэм тещIыкьауэ зэрызэхалъхьэр, къагъэсбэпа энергием и уасэр нэхъ нэгъэсауэ зытхэм я энергосистемэр къэгъэщIэрэщIжьынымкIэ Iэмал нэхъыбэ зэрыщыIэр.

А псалъэхэм я пэжагъыр щIигъэбыдэжащ «Рынокым и советым» и правлензм и унафэщIым и къуэдзэ **Заикинэ Наталье**:

- Дыззэрыт ильэсым и япэ мазихым щIыхуэхэр сом мелярди 4-кIэ нэхъыбэ хъуа пэтми, иужьрей зэманым «Россети» зэгухьэныгъэм кIыщта къалэнхэр зэрагъэзащIэм фIыкIэ зихъуэжу хуежьащ. Ар щыхьэт тохъуэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ энергокомпанием и унафэщIу щIэуэ ягъэувахэм сэбэпынагъ къэзыхьыш лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэраубыхуам.

Черезов Андрей зэIущIэм гурыIуэгъуэу щIэзэпкърихащ Кавказ Ищхъэрэм и електроэнергетикэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зэблэу къыхэмыкIыу лэжьэнымкIэ хэкIыпIэхэр. Абы къыхигъащ хьэхукIащ пэжыгъэ зыхэлъ статистикэм и мыхьэнэр: сетхэмрэ оборудованхэмрэ жьы дыдэ хъуэуэ отчётхэм къыщагъэльагъуэмэ, ауэ ахэр щыкъуэтэ, къыщыувыIэ къэмыхъумэ, Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжьынымкIэ трагъэкIуэдэн ахьшэ щIахухэпхын щымыIэу аращ.

АдэкIэ министрым и къуэдзэм къигъэльэгъуащ къагъэсбэпа электрокъарум и уасэр зэратым пыщIа нэгъэщI зы Iуэхуи:

- Электрокъарум и уасэр нэхъ нэгъэсауэ яту щIадзэмэ, энергосистемэр къэгъэщIэрэщIажьынри нэхъ псынщIэу екIуэкIынущ.

Къэралым и унафэщIхэм къагъэува пщэрыльхъэм ябгъ иткIэ предприятэхэмрэ къэрал властым и органхэм я лIыкIуэхэмрэ къалэн щащIащ дызыхьэ бжьыхьэщIыкIыхуэ лъэхъэнэм Iэнатlэ псори электрокъарукIэ зэпIэзэрыту къыдэгъэзэщIыным пыщIа Iуэхуэхэр дэгъэкIыным еужьэрэкIыну.

ХУЖЬ Наталье.

● Абхъазым и утыкум

Уэшхыр зэран хъуфакъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къыздэсыныгъуэ хуэр илъэс 98-рэ, Налшык къалэ здэщыс щIыпIэм деж адыгэ къуажэхэр зэрыщыIысрэ илъэс 295-рэ зэрырикъум теухуауэ ди щIынальэм и къалащхьэм къыщыIэзэрагъэпэща гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр нэгъэныжьыт икIи удэзыихьэхт.

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ, махуэм и зыужьыгъуэм, цIыхухэм щыIэхуэу щIадзащ ЬэтIэхъущокъуэм и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэ хадэм и ихьэпIэм деж щыIэ ЩIыхьым и МафIэ Мыужьыхьым и Iэгъуэблагъэмрэ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм я фэеплъ пхъэбгъум къеГъэщIыпIа щIыпIэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м къегъэщIыпIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, Парламентым и депутатхэр, ми нистерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр, щIалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, лэжьыгъэм и ветеранхэр, нэгъуэщIхэри зыхэта гупым къабгъэдэкIыу удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж.

Махуэшхуэм хьыхэу, КъБР-м и унафэщIхэм, гуфIэгъуэм къахуеблэгъа хьэщIэхэри я гъусэу, Абхъазым и утыкум къыщыдзэрагъэпэща, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я цIэкIэ ягъэува пщIантIэхэм зыщапIыхьащ. Абыхэм къыщрагъэзывэкIат зыпэрыт Iэнатlэм къыщыхэжаныкIа лэжьакIуэфIхэм я цIэхэмрэ сурэтхэмрэ зытет блын гъэщIэрэщIахэр, сабийхэм ягъэхьэзыра хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр, сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ Iэкlхэр, ерыскъыхэкIхэр зытелъ дапхъэхэр.

КъыхэдгъэщынщI, я тепльэкIэ хуабжьу удзэхьхэхт Бахьсэн щIыналъэм и пщIантIэм дэт телъхьэпIэхэм щрагъэувэжIаХэри. Абыхэм, дымыгъэщIэгъуэн тлъэмыкIын хуэдизу, дыдихьэхьу къателыдыкIырт районым кхьхэ къуажэхэм дэс мэкъумэшыщIэхэм я хадэхэкIхэмрэ иужьрей ильэсхэм жыг хадэ гъэкIыным зезыта икIи а унэтIыныгъэм хуабжьу щехъулIэ хьэрычэтыщIэхэм быззрыт ильэсым къраХэлIэжа пхъэщхьэмыщхьэ телъыджэхэмрэ.

ПлIанэпхэм ящыщ зыр хухахат сурэтыщI цIэрыIуэ Бахьсэн Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ, Къулыкъужьин Ищхъэрэ къуажэм гъуазджэм щыхуагъасэу дэт сабий еджапIэм и гъэсэнхэм я Iэдакъэщ Iэкlхэм. Абыхэм я нэхъыбэр сурэт щыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэпса, адыгэхэм ижькIэрэ яIа псэункIэр, лъэпкъ дыщэидзэ зыхуэдэр къызыхэщыжьыкIи а унэтIыныгъэм хуабжьу щехъулIэ хьэрычэтыщIэхэм быззрыт ильэсым къраХэлIэжа пхъэщхьэмыщхьэ телъыджэхэмрэ.

Абыхэм щыщ зыр хухахат сурэтыщI цIэрыIуэ Къыпп Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ, Къулыкъужьин Ищхъэрэ къуажэм гъуазджэм щыщIадзэ Зеикъуэ къуажэм щыщ, 2018 гъэм «Мэшыкъуэ» форумым грант къащIыхьа, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетыр къэзыуха пщащэ ныбжьыщIэ Къущхьэ Iэсият и Iэдакъэщ Iэкl телъыджэхэу лъэпкъ цIыхухьу фащэхэм хухаха плIанэпэри.

ЛIыщхьэхэм къаIущIахэм гуфIэгъуэ махуэм теухуауэ псалъэ дахэ жраIащ, къаззэрыпежьа шыгъупIастэм щыщ зыIуагъэхуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, гуфIэгъуэ махуэр уэтIпсытIу ирихьэлIами, къалэдзэсхэри къуажэхэм къикIахэри, къызыхэхуар яфIэщIэщыгъуэрэ зэщIыгуфIыкIыжу зэрыщызэхэтари, зэрыщIыхьхэм ящыщу зэIущIэхэм - ини цIыкIуи, къулыкъущIи цIыху къыззрыгуэкIи - фIэхъус гуапэ щызэрахрэ зэдэуэрэшэрыжу мыбдежьым зэрыщызэдекIуэкIари.

ПЩЫХЬЭЩХЬЭР къыщIблагъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджьIакIуэ, къэсфакIуэ гупхэм Абхъазым и утыкум концерт гукъинэж щатащ. Абы хэтащ республикэм и артист цIэрыIуэхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэхэр. Ахэр махуэшхуэм теухуауэ налшыкдэсхэмрэ абыхэм я хьэщIэхэмрэ ехъуэхъуащ. УмыгъэщIэгъуэн пльэмыкIыну, махуэшхуэ концертым и пэщIэдзэр ягъэдэхащ республикэм гъуазджэмкIэ и сабий гупу 8-м. Псоми фIыуэ ялъэгъуа уэрэдхэр къэфакIуэ гупхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ зэрызэрахъуэкIыну, дэтхэнэми ехьэлIауэ кинотеплъэгъуэхэр къыззрыщагъэльагъуэм утыкум къыщежьэкIыр нэхъри ягъэдахэрт. ИпэжыпIэкIи, а пщыхьэщхьэр, дыгъафIэу щымытами, зыльэгъуахэм я дежкIэ щIэщыгъуэт икIи гуимыхужт. ЗэхэкIыгъуэм ирихьэлIэу, Налшык и уэгум Iэгъуэблагъэ къэзыгъэнэху хьэрэкIытIэкэр щагъэльэтащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Нобэрэ пщэдейрэ

Фокlадэм и 10, *гъубж*

♦**ЦIыхуэм зиужьыжьыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**

♦**Китайм щагъэльапIэ егъэджакIуэм и махуэр**

♦**1492 гъэм** Урысейм и унафэщI Иван Ещанэм ИльэсыщIэр щыгъэльапIэ пIалъэр игъэIэпхъуауэ щытащ. Абы и унафэкIэ ар гъатхэпэм и 1-м ирахри, фокlадэм и 1-м яхьауэ щытащ.

♦**1721 гъэм** Урысейм и Швециемрэ ильэс 21-кIэ иратгъэкIуэкIа Ищхъэрэ зауэр ихуащ.

♦**1725 гъэм** Невский Александр и орденыр къащтащ.

♦**1756 гъэм** Санкт-Петербург Урыс театр къыщIэзэрагъэпэщащ. Иджы ар драмэмкIэ Урысей къэрал академие театрыращ, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэрщ.

♦**1940 гъэм** СССР-м паспортхэр тыным теухуа унафэ къыщащтащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Украинэм хыхьэ Мариуполь къалэр фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1960 гъэм** Багдад щекIуэкI конференцым къыщызэрагъэпэщащ щIыдагъэ зыщ къэралхэм я зэгухьэныгъэр – ОПЕК-р.

♦**1984 гъэм** инджылыз генетик Джеффриз Алек ДНК-м и гъэщIэгъуэнагъыр къихутащ. Iэпапlэхэми ещхьу, зи ДНК-хэр зэщхь цIыхуитI дунейм тетхъым.

♦**1984 гъэм** шахматхэмкIэ дунейм и чемпион хъунур зэхагъэкIын папщIэ джэгуф щIадзащ Карпов Анатолийрэ Каспаров Гаррирэ. А зэпеуэр шахматхэм я тхыдэм щынэхъ кIыхь щыта хъуат - мазитхум щIигъкIэ екIуэкIат.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, публицист **Щоджэнцыкlу Iэдэм** къыззралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бажэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **КIэнцIэлий Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиIэ хеящIэ **Къунаш Адэлбий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къанышкъуей Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик **Сэхъу Владимир** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Костолевский Игорь** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и обозреватель **ЕмтIылъ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы IакIуэ, актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Долинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист цIэрыIуэ, теленэтынхэр эзыгъэкIуэкI **Караулов Андрей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 13 – 14 щыхъунущ.

Фокlадэм и 11, *бэрэжьей*

♦**Фадэ емыфэным и Урысейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Iэщэкlэ Зэщlэуэзда и Къарухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я Iэщlагъэлlхэм я махуэщ**

♦**США-м щагъэльапIэ Хэкупсэм и махуэр**

♦**Аргентинэм и егъэджакIуэм и махуэщ**

♦**1812 гъэм** Аляскэм япэу итIысхьащ урыс лъэпкъым щыщ гупхэр - Форт Росс зыфIаща щIыналъэр къэуэнэхуащ.

♦**1882 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Урысейм щыяпэ уней театрыр.

♦**1918 гъэм** Урысейм и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым унафэ къыщтащ къэралыр дуней псор зытет мардэхэм - бгъуагъ-кIыхьагъыр, хьэлъагъыр, н.къ. къызэралъытэ пщалъэхэм - зэрытехьэм теухуауэ.

♦**1943 гъэм Къуэныкъуей Назир** дзэ къалэн иIэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икIи япэ нэмыцэ къхъулъатэр къриудыхащ, абы папщIи генерал Савицкэм япэ орденыр къритащ.

♦**1961 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъурейхэм щIыupсыр хъумэныи и дунейпсо фондыр.

♦**1973 гъэм** Чилим Iэщэ къагъэсбэпу щрагъэкIуэкIа зэхъуэкIынигъэхэм яужькIэ властыр IэщIыхьащ дзэ хунтэм, генерал Пиночет Аугустэ зи пашэм.

♦**2000 гъэм** Осетие Ищхъэрэм и Правительствэм унафэ къыщтащ Кавказым и къуршхэм ящыщ зым «Курск» фIэщыным теухуауэ. Баренцевэ тенджызым 2000 гъэм щыщхьэIум и 12-м щыщIилъэфа псыщIагъырыкIуэ кхъухьым исахэм я фэеплъыр апхуэдэ щыкIэкIэ гъэлъэпIэным щIэлъэIуар а бгым япэу дэкIа альпинистийрт.

♦**2001 гъэм** дунейм щынэхъ ин дыдэ теракт щалэжьащ США-м и Нью-Йорк къалэм. Дэтхэнэри къати 110-рэ хъуэу зэбгъурыту абы дэт унэшхуитIым, Дунейпсо Сату Центрым игъэлажьэм, щIэпхъаджащIэхэм зэрагъакIуэ кхъухьльатитI еуащ. А гузэвэгъуэм щIыху минищым щIигъу хэкIуэдат.

♦**2015 гъэм** хьэлъэ къызэралът кран техуащ Сауд Хьэрыпым и Мэчэ къалэм дэт Аль-Хьэрэм мэжджытым. Абы щыгъуэ щIыхуи 107-рэ хэкIуэдат.

♦Америкэм щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ, дунейпсо литературэм и классик **О' Генри** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакIуэ, ВЧК-м и къызэгъэпэщакIуэ **Дзержинский Феликс** къызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, тхакIуэ, драматург, УФ-м и цIыхубэ артист **Довженкэ Александр** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дашу Хьэшыр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, авиацэм и генерал-полковник, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Титов Герман** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦СССР-ми КъБР-ми я цIыхубэ артист, жылагъуэ лэжьакIуэу щыта **Кобзон Иосиф** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Альтуд Юрий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Добронравов Фёдор** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Сириием щыщ къэрал къулыкъущIэ, 2000 гъэ лъандэрэ абы и президент **Хафез ал-Асад Башар** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Генерал-майор, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Следственнэ комитетым и лэжьакIуэ **Хьэжмусэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЕсыкIэ умыщIэмэ, IупщIа псыми уитхьэлэжьнщ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэрэ Къумахуэ Аслъэнрэ** *трахащ.*

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм хьыхьэу Налшык шыгъэжапIэм щэбэт кIуам щекIуэкIащ «Iущхьэмахуэ и Кубок» 14-нэ щыгъажэр. Дунейр жьапщэми, бжьыхьэ уэшхми къыззтригъэувыIакъым махуэшхуэ шыгъажэ екIуэ.

ШЫГЪАЖЭМ бжьыпэр щызыубыдхэм иратыну ахъшэр (мылъкур къызыбгъэдэкIари къызэгъэпэщакIуэри КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэрщ) сом мелуанитIым щIигъурт. Зэпеуэу 10-м щыщу 9-м шы лъэпкъ къабзэхэр къыщызэдагъэжащ, къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къиIэтащ къызэрагъэпэща концертым.

Налшык ипподромым къыщызэхуэса цIыхуищхэм яхэту махуэшхуэ шыгъажэхэм кIэлъыплIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Ткачёв Евгений**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, республикэм и Парламентымрэ Правительствэм я щыщхэр, Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь, къхъухьлъатэзехуэ-космонавт **Ревин Сергей**.

Шыгъажэр къызэIуахри, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ ягъэува сауэтэтым (ар сом мелуан ныкIыуэ хъурт) щIэбэныну Налшык ипподромым и пшахьуэ гъуэгум техьащ илъэсищ, нэхъыбэ хъу ший. КилометритI гъуэгуанэм и хьэрхуэрэгъуэр къыщыззринэкIри, бжьыпэр иубыдащ «Малка» шы заводым и пщIэгъуэплъ Нью-Йорк Сити. Ар зэпеуэм хуигъэхьэзыращ мастер-тренер Алокъуэ Асльэнджэрий, къззыгъэжар мастер-шууей Сыжажэ Русланщ. ТекIуахэм къаьха саугъэт нэхъыщхьэр Iэгуауэшхуэм щIэту яритащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.

КъыкIэпIыкIуэу Урысейм ис лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэр ягъэпльапIэу ягъэуэва саугъэтым (сом мелуан ныкIыуэ) метр 1600-м къыщызэдэжа зэпеуэм псори къызэщIиIэтат. Битокъу Мухьэмэдрэ Къудей Хьэсэнрэ я пцIэгъуэплъ Проуд Мейкер ерыщу ипэкIэ кIуат, арщхьэкIэ ахэр къызэринэкIри зи чэзу текIуэныгъэ дахэр зыIэригъэхьащ Волчаро. Алокъуэ Аслъэнджэрийрэ Сыжажэ Русланрэ я гъэсэным щхьэгъэфэща саугъэтыр щаритым абыхэм ехъуэхъуащ Ткачёв Евгений.

«Iущхьэмахуэ и Кубок» саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэныну утыку кIыхьа шыгъажэщхэр щызэпеуэн хуейт метр 2400-рэ гъуэгуанэм. Ерыщу кIыпIэщIэта и хьэрхуэрэгъуэр секунд бжьыгъэм кIыззринэкIри, «Iущхьэмахуэ и Кубокыр» къихьащ Даймонд Линк. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий мастер-тренер Яков Ман, мастер-шууей Пэнжокъуэ Рустам, шыр зейхэм ехъуэхъури, саугъэтыр яритащ.

АдэкIэ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ хабзэ хъуауэ ирагъэкIуэкI шыгъажэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, къыкIэлъыкIуэ шыгъажэр, Адыгэхэм я махуэм хуэгъэпсар, Налшык ипподромым щекIуэкIынущ фокlадэм и 21-м.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Къаныкъуэ Анфисэ

Мэуэтхэр

Тхыдэ роман

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№9 94, 96, 97, 98, 100, 102, 104, 105, 107-хэм итщ).

ЕтIуанэ махуэм плъыртетыр утыку ирашащ, гуащэм и кIэдыкIамрэ щыкуэкIамрэ щигъэпщкIуамрэ къраГъэуэтэну. Жимыи мыхъуу, жилэми ар и кIуэдыжьыпIэ зэрыхъунум хуэхъэзыру, и иужьрей дыгъэкъуэкIыгъэм и гуащэм ихуэкIэ нэхъей, уафэбгъум и нэр теплъэзауэ утыкум итт Удынэ. Алэдамэ къыгурыIуэртэкъым щIынальэм апхуэдизкъуэзыщIа бзылъхугъэр жэуаптIпIэм щIрашэлIари, къраГъэуэтэну зи яужь итри. Ауэ хабзэр хабзэщ, Iуэхум и пэжыпIэр къамытIэщIауэ хасэр зэхэкIыжьынутэкъыми, и нэхъ шынагъуэ дыдэм хуэхъэзыру лъэныкъуэкIэ къэуващ щIалэр.

Удынэ и Iэшэ-фащэ хуэхьефI дыдэхэмкIэ зэщIауэзэдзэ, пщащэжькъ акъужьым зэрихьэ и щхьэщIплъыр дыгъэпсым пэныдыр щIэт уардэу, и гупэр хасащхьэм хуэгъэзауэ, и щIыбагъым псэм и щIасэр къэзырдэзытыр щIыфэкIэ зыхищIэрэ и гур абы дэпсэхуу. Абы и закъуэ - я гIуэзэм лей къытехьэнкIэ шынагъуэ щIэнмэ, бещтоужьу кIыкъуэунуэхъэзырыххэу зэхэтщ шэпIуд зхъреишхуэхэмрэ бжыкI псычъэ кIыхьхэмкIэ зэщIэуэзэда нэжьагъуэщIыдзэр. КIБгъуфЬ быдапIэм дэт цIыху мин бжыгъэжьм лъэныкъуитIу заугъэшауэ зэпэщытми, бадзэ зэрыбгляэльэтыр зэхэпхыу щэхущ.

- Удынэ, ди цIыхуэхэр дэнэ щыбгъэпщкIуар? - плъыртетым щэху гуэрхэр кьыззэрылъыкъуэкIам къыхэкIыу, дзыхьщIыгуэджэу къеплъащ абы Адэмей.

Дзэпщым къыгурыIуэртэкъым мэуэтхэм зыхамыщIыкI зекIуапIэ щэхуэхэр нэрыбгейкъм щIалэм и щхьэусыгъэр. Пэжщ, блэкIа илъэситхум къриубыдэу мэуэтхэмрэ нэжьгъущIыдзэмрэ зэсэжами, щыхупIэ задэ я зэхуакъ дэлъым хуэдэу, зым адрейр къыгурыIуэркъым.

- Умыгузавэ, Адэмей, цIыхубзэкри ри щIэблэри узышIэщ, зыхуей яГыэт. Аэр эдэщыIэр бжесIэнщ, ауэ абы и пэ къиуэху зеIэумысыну сыхуейт... - и щхьэр къиIэтри, дзэпщым и нэгум ипльащ Удынэ.

- ЖьIэ!

- Мы щIыпIэм дыщыщетIысэхам щыгъуэ бгъуэнщIагъашхуэ кьэтхутауэ щытащ, ауэ абы и хьыбар мэуэтхэм кьедмыгъащIэу, ихьапIэр зэхуэтIщыжри, ди хьыджэбз цIыкIуэхэр зыщIэсыну унэшхуэ тетщIыхьжащ Iуащхьэм. ЗэхуэтщIыжыпа и гуГъащ псоми. Ауэ сэ сыщыдзэкIуащ и бгъуэнщIагъымкIэ иджыри къэс, - и псалъэр зэпигъэуащ Удынэ.

Ар кIыхьтэрэ шынэрэ кIыпхуэмыщIэу, и нэгум уз гуэр кьищыт.

- ЖуМыIэ уэри тIасхъэщIыжыкъу укьытхэтауэ, Удынэ! - хэти хэт, ауэ Удынэ апхуэдэ иклагъэ зэи хуимыгъэфэщащи, нэрыбгейм жиIам арат кьиклыр.

- Сэ зэи си пIэпкъ и Iей зесхуакъым, ауэ, абы нэхърэ нэхъ тIасхъэкъым сщIащи, - Удынэ иригубжьакъым Адэмей кьыззрещам, ауэ щыхъуклэ, шынагъуэ дыдэщ зытепсэлъыхьыр.

- Сыт-тIэ абы нэхърэ нэхъ Iейуэ щыIэр? - къыгурыIуэркъым Адэмей.

- ХьыдэкIыпIэм къыщхьэщыщ цIыхум и лъэ нэмысауэ Iуащхьэ задэхэр. Абы цIыхуэхр дэмыкIыфурэ куэд зэриуклам щхьэкIэ, а щIыпIэм псори къыпокIуэкI. Ауэ зыми ищIэркъым, а сыдэж папщIэкъм уцыхэзэрыпмэ, цIыхуэ нэ зытемыплъэ гъэхъунэ пшэрхэр зэрыщIыр. Мис а гъэхъунэмкIэ къыщыхокIыж бгъуэнщIагъым и зекIуапIэрэ. Аращ ди цIыхуэхэр щызгъэщIкIуар, - ину жеIэ Удынэ, псоми зохахьи хуэдзу.

Алэдамэ гу щимыкIэуэу иоплъ пщащэ хахуэм, иропагэ апхуэдэ цIыхубз Iущ зэрыхуэзам, и нэгу къыщIегъэхьэ псэгъу зэхуэхуауэ.

- Ар сыт а жьыпIэр? Ар сыт телъыджэ? - къызэщIэхъеящ хасэр.

- Ауэ фи фыхьхэмрэ бынхэмрэ я закъуэкъым абы щызгъэпщкIуар! - нэхъ иныжу къэпсэлъащ нэрыбгейр. - Мы щIынальэм дызэрыщIепсыхэр сыт хуэдиз щIалэ цIыкIу нэрыбгейхэм къамыльхуами, зэрыщIыту абы щызгъэпщкIуащ...

Абдеж нартхэм я закъуэ мыхъуу, Удынэ и щIыбагъ кьыдэт нэрыбгейхэри кьыззщIэстащ. Ягу щIыIэхэр цIыкIэзыыкIащи, а Iуэхугъэм иригуфIэнрэ иригужьынрэ езы дыдэхэм къагурымыIуэжу, зоплъыж, яГъэщIагъуэу зоIуощащэ.

- Сыт а жьыпIэр, цIыхуб? Дауэ? Фи щIалэ цIыкIухэр фукIыж фи хабзэтэкъэ? - шэнтым зыкьыпIэтыкIащ Адэмей пелуаным.

- Ди хабзэт, ауэ схуэуIакъым, - и щIыб кьыдэт бзылъхугъэ кьэпIейтеихэм захуигъазэри, пыгуфIыкIыу, щэхуу жиIащ Удынэ. - СхуэуIакъым зы щIалэ! Абыхэм щIэуэзын гу си бгъэм илъыхьэн хуэмеяни, схуэуIакъым. ЩIалэ цIыкIухэр щIыхпIэм ихьурэ иридзыкIыну фызгъалъхуэм и къалэнт, ауэ а къалэныр сэ си пщэ дэслъхьэжу жьыслэри, щIалэ къалъхуху, сукIыну дэсхыу фIэкIа ямыщIэу, бгъуэнщIагъымкIэ щIэсхьыгъэ, гъэхъунэм схьыгт. ПсэасакIэмэ, дзэгъэзмэ, пщафIэмэ, нэрыбгей гуп, сымаджэ хьэпIэ хъуаду нэрыбгеижьхэм я жьлэм дзэгъэтIысхьэжа хуэдэу зГъэIыри, си гукъыдэжькI къыздзэзыыгъыну фэ зэсплъэр тIэкIу-тIэкIуурэ зГъэIэпхъуащ щIалэхэм я деж.

Алэдамэ и закъуэ хуэдэт быдапIэ псом а Iуэхугъэм имыгъэгузвауэ, имыгъэгужьеIуэу дэтыр. Абы и нитIыр кьигуфIыкIыу Удынэ зэпилплъыхьыр, гущIэгъу хэпIу, гу кIуэщIыIуэ кьыззрыщIэкIам щхьэкIэ. Уеблэмэ, абы щхьэкIэ нэхъ гуащIэжу илъэгъуауэ кьыщIыхьыр. Удынэ кьыхуеплъэкIащ псэм и щIасэм. Зы плъэгъуэм уи псэр щIыхихи кьару кьыщIыпхилъхьи щы-Iэщ. Алэдамэ и нэгум кьищ нэхум кьару кьыхилъхьауэ кьыщIыхьри, Удынэ пищэжащ:

- Ахэр зыкIэ быдэ цIыкIуу, кьаруусфIэу, Iущу къэхъурит! - пщащэр и ныбжьыгъум бгъэдэкIуэтащ, пыгуфIыкIыу.

А псалъэхэм Жан зэхэзехуэн ящIати, и щхьэр игъэкIэрахьэуурэ, щIыбкIэ иклуэтырт, и ныбжьыгъур зыбгъэдимыгъэхьэу.

- Ар фIыкъым! Аратэкъым дэ дызыхуагъэсар. Дэ цIыхуэ къытхэтын хуейкъым. Ар фIыкъым, - зы шынагъуэ гуэр илъэгъуам хуэдэу екIуэтурэ, и нэщхьэр зэхэпIу къеплъащ абы Жан.

Адэмей жиIэнри ищIэнри мышIэу, псори фIызэхэзэрыхьжауэ Удынэ жиIэм щIодэIкI.

- ПщIэрэ, Жан, хъыджэбз цIыкIу къэплъэуа уи гугъэжу, нэгъабэрей быдзафэхэм щхэуу гуэхэплъэ щхьэкIэ, яхэткъым абыхэм уз быдапIэм цIыкIэрыхуар. ПщIэрэ, сыт щхьэкIэми?! Хъыджэбзкъым къэплъэуари... ЩIалэт ар.

Жан а псори зэхихыну хуэмейуэ, и щхьэр егъэкIэрахъуэ.

- ЩыгъэI, Удынэ! Гъэбэяу уи жьэр! КъысфIымыгъэкI! - мэIущащэ Жан, бжыкъыр быдэу икъуэзу.

- А цIыкIур сыту къарууфIэ уи гугъэ, иджыри щIынэми. IэпIащ-пIэпIащ хъужауэ, мыщэ шырым хуэдэу жыдэжру...

- ЩыгъэI, зо! ЗэтепIэ уи жьэр! - и макъым зригъэIэтри, и нэм щыблэр къыщIихыу, и ныбжьэгъум кьыжьэзэлъащ Жан.

- Апхуэдэхэр куэдщ, Адэмей. МинитIым щIегъу Адэ къыщIыхьу дзэмыхэр, - и щэху нэхъ хьэлъэ дыдэр кьитIэщIащи, и гур зэгъэжауэ, сыт кьращIэми арэзыкуэ, дзэпщым зыхуеГъэзэнытIэ.

- Уи щхьэгъащэм къыпхуищIа унафэм уебэкъуэн хуей щхьэ хъуа? - набдзэгубдзапIэу пщащэр тэлаикIэ зэпиплъыхьри, щIэупщIащ Адэмей.

- Дауэ къыпщыхьурэ апхуэдизым къамыгъэщIар уи напэм телъу упсэну?! Сэ сыпсэуфынутэкъым... Ащар щIэзмыкIари. КъищIынэмыщIауэ, илъэс минкIэ нэрыбгейхэм якIыжа я къуэхэр ямыукIыжу, я адэхэм иратыжу щIытатэмэ, ахэр лъэпкъым иIэжатэмэ, нэхъыбжэ дыхэунут, дыгъуасэ кьыдэбгъащIыхуэу Iисрафыр кьытхэзыпIхьа лъэпкъри кьыттегущхэунутэкъым. Псоми ящIэ нэрыбгейхэм кьызэрымыкIуу бын узынщэ кьызэралъхур. Нэрыбгеикъуэ защIэу зы дзэ диIатэмэ, тхьидэм тIэщIиха щIынальэр ящIэзэужьынти! - пэжт Удынэ жиIэр.

- ЖьIпIэмкIэ сыарэзащI, Удынэ. Губзыгъагъэщ. Ауэ сэ къэзгупсыса хабзэкъым уэ кьызэпыбудари, уи унафи сщIынукъым. Мэуэтхэм зыкIи уекъуэнщэкIакъым уэ, - жи Адэмей.

- Уи нэмыс нэхъ лъагэ хуэу, Адэмей, ауэ Удынэ мыхъуатэмэ, дыгъуасэрей зэхэуэр апхуэдэу тынщу кьепхьэIэн уи гугъэрэт? - Алэдамэ зыхуэмышIэу, и цIыхубзым кьыщхьэщыжащ.

- Псалъэ уиIэмэ, утыкум кьихьи жьIэ, Уэрышкъуэ! - кьыхуеплъэкIащ абы дзэпщыр, и напщIэ лъэныкъуэр хишри.

- Сэ къэзгуэу Алэдамэ утыкум кьихьари, кьэрэгъуэ бжьхьэу Удынэ и пащхьэ кьиуващ.

- Еней мыхъуу, Ахей унафэр IэщIэлъыжатэмэ, нэгъуэщI зыгуэрыт зэуэр зэриуклынкIэ хъунур. Пэжщ, нартыжь хахуэхэр уи гъусащ, абыхэм я фIыдщIэ куэд хэлъщ узэрытекIуам, ауэ Удынэ, Ахей имыукIатэмэ, зауэ IэнатIэм хьэжьпэжь хэхъухьа пIы гъуэзэджэм кьуищIэр пльагъунт. Хьэпсым кьаруущIа ихьуна бзылъхугъэм IэщIэукIащ дунеижьыр зыгъэгъзу щыта пщыжьыр. Абы хьэтыр гуэр иIэн хуей-къэ? И унафэ уэ щIыж жьIпIэу, щхьэгуащэм хуумыдзыжу, укъыщIыжыну хуэфащэкъэ Удынэ?! - зэпIэзэрыту жиIащ Алэдамэ.

- Абы хьэтыр имыIэу жысIэркъым, Алэдамэ. Дэтхэнэ зыри мы щIынальэм зэрыщIэзэуар сльэгъуащ сэ, пльэкъым и щэпIэудзу уэри укъыззрыдбгъурытар сщыгъупщажьым, - ифI зыкърешэж Адэмей, Алэдамэ зэи дзыхь хуищIу щымытами, иужьрей Iуэхугъуэхэм зыкъригъэдзэкIыжауэ.

- Плъыртетым ищIар щIэщхьуу кьэфпIытэми, сэ Удынэ и хэлъэтыр кьызгуроIуэ. БдзэюIкъ, цIыхуб! - зыкъиIэщI и Iэ ижьыр и бгъэм трилъхьри, нэрыбгейм щхьэкIэ хуищIащ Щэуей.

- Мыбдеж кьекIуэпIахэр делэ фыхьыжауэ ара? Фи плъыртетым и щэхур щхьэгъащэм деж нэсыжмэ, мафIэсу кьызэрыфхэпльэдэнур фщIэрэ? - зыкъиIэтащ Къарэшу. - Зы унафэ закъуэт нэрыбгейхэм кьыхуащIари, ари нэсу яГъэзэщIэфакъым. Мэуэтхэри фызэдгъагъэхьыщ, Адэмей. ЩIыгум тетаи темытаи жаIэу, лъапсэрыкъуэ кьыфхэмыльхьэнщ! Фыпсэуну фыхуеймэ, Удынэ щIалэ цIыкIу игъэпщкIуар фукIи, езыр щхьэгъащэм деж евгъэшэж. Абы ирещI и гъэсэным и унафэ.

Къарэшу жиIэм арэзы техъуащ дзэзешэ зыбжанэ. Удынэ и напIэр едзыхьауэ Алэдамэ и щIыбагъ кьыдэтт, сыт хуэдэ унафэ кьыхуамыщIми, абыкIэ арэзыуэ.

- Пэжщ Къарэшу жиIэр, Адэмей, - зыкъыIэтащ Тотрэш. - ЩхьэгъащэР, Iэмал имыIэу, кьежьэнущ. Кьежьэми, фIы щIэфхьынкъым.

- Сыт сщIэн хуейр, нартыжьхэ? Сыбочэнджэщ... - жиIащ Адэмей, хасэм хэтхэм захуигъаззу.

- Хуит сыкъэпщIмэ, сэ зГъэIэпхъуэнщ нэрыбгейр щхьэгъащэм деж, фэ гъусэ кьыхуэфщIыну фи Iэхужщ. Ауэ, Iэжьхэгъэ ивмыч, мэуэтхэ, Адэ щагъэпщкIуа щIалэ цIыкIухэр фукIыну фемыпIэщIэкI. Зыми ищIэркъым Удынэрэ зэрыщIэпсыкIыну щIыкIар. Дауэ мыхъуами, нэрыбгейхэмрэ мэуэтхэмрэ я зэхуакъ быдэкIа щIэблэщ ахэр. ЗэкIэ фымыгужьей. Фи фызхэмрэ бынхэмрэ кьефшэлIэжи фытIысыж. АдэкIэ депIлъынщ, - хэкъуэзауэ жиIащ Тотрэш.

Абыкlэ арэзыуэ хасэр зэхэкIыжащ, Удыни, бзаджащIэ гуэр нэхъей, и пэшым щIаубыдэри, хъумакIуэу нэрыбгеитI щIыхьэпIэм деж яГъэувыжащ.

ЕтIуанэ махуэм еежьэжыну зызыгъэхьэзыра нартыжьхэр яГъэхьэщIэжырт мэуэтхэм. Лэгъупым фIэдза шыуан фIыцIэшхуэм мэлыл пшэрыр ивыкIырт, илъ гъэгуа гъэжьэрымэм узыIэпишэу, быдапIэм дэсхэм я гурыIуэгъэ кьыгъажэу хьэуам кърихьэкIырт, лъэпкъыIэ! Іущхэр уэрщэру Iэнэ кIыхьышхуэм пэрыст. Шхэныр ихьэщIэм яхэпльэнуи гукъыдэж зимыIэр Алэдамэ и закъуэтэкъым. Я пщымрэ гуащэмрэ зы махуэм зэрыщIалъхьэжам, хасэм кьыщапсэльар кьэхухьыхьэжауэ, куэдым я кIуэцIыр кьижьыкIырт. Апхуэдэт гуитIщхьитI хьуа нэрыбгейхэр...

КьызэрыгуэкIыхубзыр щIохьэпс и щхьэр лъагэу езыГъэлъагъужьи, лъэпкъ кьупщхьэу кьыщIэувэн кьурэм. Нэрыбгейхэри апхуэдэу псэуфынутэкъым. Щхьэж и гупсысэм хэГъуэщыхьыжауэ, щымт. Удынэ и щхьэр лъагэу Iэтауэ, и пкъыр захуэу иIыгъыу, уардзу шым тесми, и напIэр едзыхащ, нэщхьейщ. Алэдамэ абы щIэх-щIэхьыпрэ хуоплъэкI, и гум лъыр кьупыжьми, и нэщхьыр зэхэлъщ, зэпIэзэрыщ. «Уи кIуэдыр си кIуэдщ! ДызэкIэрыхункъым»; - жиIэу, и гуГъэ хихьжам хуэдэщ Алэдамэ. Ауэ абы кьыгуроIуэ Удынэ мэуэтхэм я деж кьыщыбнэу, зэрыпIэпкъыу нэщанэуапIэ пщIы щэрыжьыхуэр. А тIум ямыщIэр зыт - ЗэрыщIэр Жанрэ хэкIыпIэ яхуэхъункIэ хъунур кьыззрагъуэтарт.

ЩхьэжкI и жьлэжь къэблагъэа нэужь, нартыдзэм пыхуурэ, Іуащхьэмахуэ лъапэкIэ зыунэтIа гуп цIыкIум и закъуэу кьыщIынэм, нэхъ хуабжьу заукъуэдиящ.

- Мы щIыпIэхэмкIэ зэи укъэкIуакъэ, Алэдамэ, - щIоупщIэ Тотрэш, гупыр Псыжь кьиклIуу загъэпсэхуну епсыха нэужь.

- Си вакъуэ адэм зекIуэ сыкъришажьэу щытащ, ауэ Псыжь зэи сыкъикIатэкъым, - Iэгъуэблагъэр зэпиплъыхьу жеIэ Алэдамэ. - Дэнэ дыкъэса?

Тотрэш зыри жимыIэу зыкъелэтри, мэзыкум ит Іуащхьэмкlэ псынщIэу еунэтI, «накIуэ» жьIуиIэу, и щхьэр Алэдамэ къыхуеIури. Нарт щIалитIыр Іуащхьэм и щыгум къыщыхута нэужь, Тотрэш и Iэр еший:

- Модэкlэ пльэт... Зи умыльэгъуами, яІуэтэжу зэхэпха хъунщ мо Іуащхьэм и хьыбар.

Аддэ жьыжьэу, губгъуэ щхъуантIэхэмрэ уафэ къащхъуэмрэ щызэхьхьэж щIэплъыпIэмкIэ, и итIыр уафэ лъащIэм щIигъэкъуауэ, кьримыгъэщэтэхьу иIыгъ хуэдэ, пагэу щыхэIэтыкIат Насып Іуащхьэр. Ар иджыри жьжьэ дыдэ щыIэми, и щыгум телъ щIымыл Іувьыжьэр дыгъэм пэлыдырти, махуэ щэджагъуэм уэгум кьитIысхьа вагъуэу плъагъурт.

- Іуащхьэмахуэ! - и нэгум псэхуГъуэ гуэр кьищу, щэхуу жиIащ Алэдамэ, и нэ фIыцIитIыр щIэплъыпIэм тедиуэ.

Нартыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, Псатхъэ а Іуащхьэрат и хэщIапIэр. «Пщэдджажь къэс Іуащхьэ щыгум кьытуэ Тхъашхуэри, зеплъыжь. Хэт сыт хуэныкъуэми, щIэхъуэпсми, хэунэмми елъагъу абы. Псатхъэ нэхъ гъунэгъу зыхуащIу пIалуэхэри куэду йокIуалIэ Насып Іуащхьэ и пIалрэм. Бын зимыIэу щIэлъэIур зэхех, гъэущауэ гуэзвэгъуэ зытелъыр елъагъу, узым кьигъэдзыкъэм и щэIу макъыр лъоIэс, апхуэдэу, дэтхэнэ зыми насып трегуашэри, мэбзэкъж. Уэрыхуэ щытыкIэм елъытащ уи насыпыр зэхэпIагъуэри. Насыпым пыухыкIауэ зы теплъэ иIэкъым, зы щIэ зэрихьэркъым, зы плъыфэкъым кьыщIэувэри. КъыбгурыIуэрэ, си щIалэ?!» - іащIэжащ Алэдамэ и вакъуэ адэм зыхуигъэIуащу щытар.

Иджыпстущ Алэдамэ кьыщыгурыIуар а псалъэхэм я мыхьэнэр. ЩIалэм быдэу ищIэрт Насып Іуащхьэм гъунэгъу хуэхъумэ, Псатхъэ зэрелъэIунур.

- Мы дызытетыр Къамэ жьыхуаIэ Іуащхьэращ. Модэкlэ уплъэкIащ, иджыри Іуащхьэ зыбжанэ щытщ. Іэрыпуаъэ тэм зэрыжиIэмкIэ, щы лъабжьэм щыжей благъуэр зэгуэр хъэушауэ дунейм кьытехьэну хуейуэ ныкъуакъуэу кьелэрт. КьелIэху мыпхуэдэ зы Іуащхьэм зыкъыIэтырт, благъуэм и къарур хуримыкъуу, щIыр кьызэгуимытхъыфу. Ауэрэ Насып Іуащхьэ дэж кьыщыщIэкIащ сытми. Абы щыгъуэу жаIэ Псатхъэ хьэршым кьехьу Насып Іуащхьэ кьыщытетIысхьар, цIыхуэр а благъуэжьым щихъумэн папщIэ. Мор Мэшыкъэ жьыхуаIэращ, - и щхьэр ещI Тотрэш.

- Нэрыбгейр щызэпеуэ Іуащхьэ... - пещэ Алэдамэ.

- НтIэ. Гъатхэ къэс Мэшыкъуэ деж щызэхуос нэрыбгейхэри, зэпоуэ хэт нэхъ жэрми, лъэщми, псынщIэми. Накlуэ, хуэмурэ дехьыжищ. Ауэ, щакlуэ къиклIыжауэ, гъумэтIымэу пшэрыхьыр зэIих хуэну, - мэдыхьэшх Тотрэш.

- Дахащэщ! - и нэр Насып Іуащхьэ къытрихьжьыфыртэкъым Алэдамэ.

Алэдамэ и нэр зэтрипIащ, и бгъэм иЗу жьы жьэдищэри, хуэмурэ кьыжьэдигъэкIыжащ. Тотрэш кьыгурыIуэрт псори, щIалэщIэм зыри жимыIэми. Мы зекIуэр Алэдамэ Удыни яужь дыдэ яхуэхъункIэ шынагъуэт, уеблэмэ, Къамэ емыхьж щIыкIэ, нэщанэуапIэ ящIынкIэ шынагъуэт. ЩхьэгъащэР бэлэрыгъыркъым зэи, куэд щIауэ къелIакIуэ хъунщ гупым нэрыбгейкэр. Арами, нартыжьыр щIыгугъыт Іуэхур нэгъуащ! Зыгуэру зэхэкIну, зэи къэмыхъуа телъыджж къэхъуу, Къатинэ и гъэсэным гущIэгъу къыхуищIну. Хуэфащэт а бзылъхугъэ щIыкIум псэуну, щIыхубзым и насыпыр зыхилъэгъуэ дыдэм хэтхъыкIыу дунейм тетыну, апхуэдизу зыщIэхъуэпс хуитныгъэр хуэныкъуэ.

- Умыдзыхэ, щIалэ! ЗэхэкIынщ псори. НакIуэ, - жиIэри, Тотрэш кьежьэжащ.

УДыНЭ Алэдамэ къытемыплъэмэ нэхъ кьищтэрт. Ар укIытэрт. УкIытэрт апхуэдэ щэхушхуэ кьызэрылъыкъэкIам, и нэрыбгей тхърыIуэм зэребэкъуам, абы кьыхэкIыу дзыхь хуэпщI мыхъуну цIыхум кьаззрыщыхъум щхьэкIэ. Пэжщ, дэтхэнэ зы цIыхуми щэху гуэр и щIыбагъ дэлъщ, ар и тIасхъапIэу кьыщIыщIэкIи щIыIэщ. Ауэ щыхъуклэ, Іащ1э гъусэ щыбгъэтам деж уи щэхуу хъуар хуэпIуэтэн хуейщ, ар иужькIэ къыкъуэщIыжу, мис, Удынэ кьызэрыщIыщIам хуэдэу, укIытэгъуэ уимыхъэн папщIэ. Ауэ Удынэ и Іуэхур нэхъ куут, кьызэрыгуэкIтэкъым. Лъэпкъ псом и пащхьэ иувэри, зыщIумысыжат абы, иджы и щыуагъэм хуэфащэ жэуап ихьыну щхьэгъащэм деж макIуэ. КъыгуроIуэ абы псори, а Іуэхум щIэпрыIуэми кьыгурыIуэрт зэгуэр кьызэратIэщIынур, зэ мыхъуми зэ и щэхур иIуэтэжьи зэрыхуейр. Ауэ абы щыгъуэ Удынэ и гугъакъым псом нэхърэ нэхъ зыщIыкIытэн и гъащIэм кьыхьыхьну. Хэт ищIэнт абы и гъащIэм зэрызэблэгъар. Чащанэ лъагэжм тет нэрыбгей зэщIэзэуэдахэр, хэти кьыщIэнакIэу, хэти гущыкI и нэгум кьиицу, хэти нэщхькIэ пыджэу кьыхуеплъыхьрт Удынэ. Дауи, Къатинэ кьыльагъэIэсыжагъэхэт пщащэм и щыуагъэр.

Мы щIыпIэхэм апэ дыдэу кьыщыхута Алэдамэ кьыгурыIуащэртэкъым нэрыбгей щIынальэм дэнэ нэскIэ зишэщIми, ауэ Хьэрэ-Кхъуэрэ кьыщыдэкIым гу льитат нэм кьиплъыхьыр жьлэ-жьлэу зэпрыхулыкIарэ кьеГъэбдзакIауэ зэрызэхэсым. Плъыр нэщанэжр лъагаIэхэм щыкъэIэтыкIауэ, зэпIэщIэжу

● Телъыджэ

Тут Идаррэ абы и ныбжьэгъухэмрэ я нартыху губгъуэм къыщелащ цIыху 233-рэ

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2019 гъэм шыщхьэуIуи и 15-м «Уральские авиалинии» компанием и А321 кхъухьлъатэр, Симферополь къалэм кIуэн мурадыр иIэу «Жуковский» аэропортым пщэдджыжьым жьыуэ зыкъызыщызыIэтар, уэгум щызеуэ ныбжьэхихьауэ щытащ икIи ахэр зэран хуэхъури, аэробусыр Москва областым и Раменскэ щIыналъэм щыхэщIа нартыху губгъуэм Iэмалыншагъэкlэ щетIысэхащ. Кхъухьлъатэм цIыху 233-рэ исати, псори къелащ.

Нартыхуг1эк1 зэныбжьэг1уэхэр.

А IУЭХУГъУЭМ кърикIуэхэм тригъэпсэлъыхьыну, «РИА «Новости» хъыбарегъащIэ IэнатIэм и Iэжьакlуэм нартыху губгъуэр зей «Русмолоко» («Нока Агро») компаниемрэ и операционнэ унафэщI Тут Идар (мы щIалэр УФ-м и цIыхубэ артист Тут Заур и къуэщI) зыхуиГъэзат.

- «А321 кхъухьлъатэр щетIысэха губгъуэм нартыху хэзысар дгупыращ. Хэщ1ыныгъэр зырикIщ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр, кхъухьлъатэр зезыхуахэм я фIыгъэкIэ, абы исахэр кхъыззреларц», - жIриащ абы журналистхэм.

Езы Тут Идар дэ иджыблагъэ телефонкIэ зыпыщIащ. Абы щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, «Русмолоко» («Нока Агро») компанием Москва областым и Сергиев Посад, Лотошино, Раменскэ щIыналъэхэм къудамиущ щиIэщ, щIыуэ гектар мин 31-рэ щIыгъыщ. IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм а IэшэгъашэкIэм щыхасэ тхъэкIищ (Iэпищ, люцернэ), райграсс, фестуролиум, нащэгъэбагъуэ (хужьбаринэ, клевер), тимофеевкэ, бланэукъ (козлятник), вика луговая уд1ы л1эужьхэ, щхьэмыж зыщ1 (хьадзэ зытет) кэхьлыгъэхэм ящыщу гуэдзыр, хьэр, зэнтхъыр, зи бзийр яг1эфIэIу нартыхур (силос). Мы иужьрейрат ищхькIэ зи гугъу цыIущIа кхъухьлъатэр зыхэтIысхьари, абы гектар мини 3-м нэблагъэ ирагъэубыдат.

Тут Идар кхъэзрыхигъэщIымкIэ, нартыху жьылапхъэу къагъэсэбэпыр Къэбэрдей-Балъкъэрым кхыщагъэхъуа икIи щагъэунэхуа нэхъ лъапкъыфI дыдэхэращ.

- Компанием и «Раменское» къудамэм и лэжьакIуэхэм ящыщу щIыгур гъатхасэ лажьыIуэхэм къызыхуэтышIэу и чэзум хуагъэхьэзыращ, апхуэдэуи нартыхур зэрыщытыпхъэу къэгъэкIыным хэлIыфIыхьащ агроном нэхъыщхьэу Абдокъуэ Назир, къудамэм и унафэщI Должиков Сергей, инженерхэу Халтуринхэ Вадимрэ Валентинрэ, механизатор щIалэхэу: Дрожжин Константин, Тоштемиров Шакир, Аруан щIыналъэм хыхьэ гъуэхэр, щхьэмыж зыщI (хьадзэ зытет) кэхьлыгъэхэм ящыщу гуэдзыр, хьэр, зэнтхъыр, зи бзийр яг1эфIэIу нартыхур (силос). Мы иужьрейрат ищхькIэ зи гугъу цыIущIа кхъухьлъатэр зыхэтIысхьари, абы гектар мини 3-м нэблагъэ ирагъэубыдат.

Тут Идар кхъэзрыхигъэщIымкIэ, нартыху жьылапхъэу къагъэсэбэпыр Къэбэрдей-Балъкъэрым кхыщагъэхъуа икIи щагъэунэхуа нэхъ лъапкъыфI дыдэхэращ.

- Компанием и «Раменское» къудамэм и лэжьакIуэхэм ящыщу щIыгур гъатхасэ лажьыIуэхэм къызыхуэтышIэу и чэзум хуагъэхьэзыращ, апхуэдэуи нартыхур зэрыщытыпхъэу къэгъэкIыным хэлIыфIыхьащ агроном нэхъыщхьэу Абдокъуэ Назир, къудамэм и унафэщI Должиков Сергей, инженерхэу Халтуринхэ Вадимрэ Валентинрэ, механизатор щIалэхэу: Дрожжин Константин, Тоштемиров Шакир, Аруан щIыналъэм хыхьэ Урыху къуажэм щыщ Алшагъырхэ Георгийрэ Амиррэ, ХъуцIыкIу Аслъэн сымэ, нэгъэуэщIхэри, - жIащ абы.

Тутым щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, «Русмолоко» («Нока Агро») Iэхуущ1апIэм псори зэхэту Iэшэшхуэу мини 142-м нэблагъэ щыIыгъащ. 6926-р жэм къаш1ащ, абыхэм ику иту зы жэщ-махуэм къриуфыдзу шэуэ тонни 140-рэ къащIокI. Мы компаниемэ Москва областым щIыбгъ щIым къэкIыгъэхэр агротехникэ щIэныгъэм и хабзэ псоми тету щыхащIэ. Абыхэм я зехьэным щIыгъэпшэр нэхъ лъапIэ дыдэхэр кьащIагъэсэбэп. Кхъухьлъатэр зыхэтIысхьа нартыхум метри 3-м нэблагъэ и лъагагъ.

- Си щхьэкIэ арауэ хуэозгъафащэ уэгумкIэ къикIыу къыхэтхуепсыха» хьэщIэр, ар зезыхуахэм я Iэзагъэ нэсым къыдэкIуэу, хуэдэкIэм зэшIимыгъэлыдэу къезыгъэлар, - жIиащ Тут Идар.

ХЪУМАХУЭ Аслъэн.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Жыжьэ - гъунэгъу

Адыгэущ псоми къызэрацIыхур

***Мы гъэм илъэс 30 ирикъащ советыдзэхэр Афганистаным къызэрыращыжрэ. Ахэр а къэралым ягъэкIуэн хуей щIэхъуам дызэрыт зэманым куэд тражыIыхь. Нэхъыбэм ягъэзахуэрхъым абы и лъэныкъуэкIэ совет унафэщIхэм яча лъэбакъуэр - сыт хуэдэ политикэ щыуагъэми кърикIуэхэр зи фэм дэкIыр цIыху къызэрыгуэкIхэрщ. Дэ а псоми я гугъу тщIынкъым, къэдгъэлъэгъуэн къудейщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэхэми абы я къалэм зэрыщагъэзэщIар. Уеблэмэ, апхуэдэ куэдрэ къэтпъыхьуэн хуей хъуакъым: «Адыгэ псалъэ» газетым и шофёр Соблир Хьэсэнбий и щIыналъэм лIыгъэ щызезыхьахэм ящыщу къыщIэкIащ. Дэ абы къыджиIэжащ а зауэр зэрыщытар, езым игу къинэжахэр.**

- Хьэсэнбий, уи сабиигъуэм сыт хуэдэ хъуэпсапIэхэр уиIа?

- Сэ спортым сыдихьэхыу щытащ. Спортсмен сыхъуныр сыщIэхъуэпсырт, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу ар къызэхъулIакъым. Курыт еджапIэр кэзэуха нэужь 1986 гъэм дзэм сраджащ. ЯпэщIыкIэ Туркэмэным и къалащхьэ Ашхабад къуплькъу щысщIащ. Абы зауэ хуэIуэхущIхэм мазиплIкIэ дыщыхуагъэса нэужь, Афганистаным и Кандагар къалэм дашащ. 70-нэ бригадэм и 2-нэ батальоным и япэ тIасхъэщIхэ взводым сыхэхуащ. ИужькIэ тIасхъэщIэх взводым и унафэщIым и къуэдзэу сагъэуващ.

- Ди лъахэгъуэхри уи гъусауэ къыщIэкIынщ?

- Адыгэ щIалитI си гъусащ - Махуэ Арсенрэ ХьэцIыкIу Аскэрбийрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ХьэцIыкIур иджы псэужкъым, ауэ ди гум ихуркъым. Дэ куэдрэ тIасхъэщIэх дыкIуащ дызэщIыгъуу. А щIалитIми лIыгъэ зэрызэрахъам щыхьэт тохъуэ ХьэцIыкIу Аскэрбий кърата «Вагъуэ Плъыкъ» орденымрэ и «Хахуагъэм папщIэ» медалымрэ, Махуэм къыхуагъэфэща «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.

Сэри «Хахуагъэм папщIэ» медалу тIыкIэ сагъэпэжащ. Япэр къызатащ уIэгъэ хъуа сэлэтыр зэуэгъэпIэн къызэрихам, етIуанэр - тIасхъэщIэх дыщыIэу ди пщэм къыдалъхьа къалэныр Iэзэу зэрыдгъэзэщIам папщIэ. ИужькIэ къызатажащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъи.

Соблир Хьэсэнбий

- Зауэ щыхъукIэ, псэзэпылъхьапIэ куэд уохуэ. Абыхэм ящыщу сыт нэхъ уигу къэкIыжрэ?

- Автоколоннэ блэдгъэкIыу моджахедхэр къыттеуат. Абы щыгъуэ яуклахэри уIэгъэ хъуэхэри мащIэтэкъым, кьыдзбгъэрыкIуахэр дэ нэхърэ зыкъомкIэ нэхьыбэт. УIэгъэхэр кьахэтхри, дэ щытыкIэ гугъум дыкъэкIауэ щытащ.

- Афганистаныр езыр щIыналъэ къуейщIейщ...

- А щIыпIэр ущыпсэуну сыт и лъэныкъуэкIи къызэрымыкIуэу гугъущ. Хуабэр градус 50-м щынэблагъэрт. Дызэрыщыла илъэситIым нэблагъэм къриубыдэу уэшхи уэси тлъэгъуакъым. Къыумыгъэвауэ япсми уефэ хъуртэкъым. Уз зрыщIалэ зэмылIэужьмыгъуэхэри щыетат. А щIыналъэм ебгъапцэмэ, дэ дыщыпсэур жанэт лъахэщ.

- Ди лъахэм къэбгъэзэжа нэужь, мамыр гъащIэм ухэзэгъэжьыным гугъу удехьа?

- Апхуэдэу жысIэфынрыкъым. Хабзэхъумэ IэнатIэ-зэм сыщылэжащ, иужькIэ «ЛъэпкъэгвардиемкIэ» сыхэтащ, иджы, зэрыплъагъущи, «Адыгэ псалъэм» и шофёру солажь.

- Мыбыкlи сыноупщIыну: Афганистаным щевгъэкIуэкIа зауэр пщIэнш, псыхэкIуадэ хъуауэ къэплъытэрэ?

- ЩIхьэтету жыпIэмэ, дэ дызаузлI къызэрыгуэкIт икIи ди къалэну хэтлъытэрт пщэрыпIь къыщIащIар дгъэзэщIэныр. А зэманым США-р СССР-м хуабжьу къыпэщIэтт. Ар хущIэкъурт езым и Iэщ1экэр Афганистаным къригъэувэну. Сыт хуэдэу щымытами, кьыджаIэр арат. Апхуэдэ щытыкIэр Совет Союзым идэнкIэ Iэмал зимыIэт. Дэ ди къэралым и сэбэп зыхэлъэр ихъумэжауэ аращ. Мыбдеж дигу кьыщыдгъэкIыжынщи, моджахедхэр дэ кьыдзэзэуащ американхэм я Iэщ1экIэ.

- Зэманым зехъуэж. СССР-р лъэпъэжри. Урысей къэралыщIэр хъэужащ. Ди къэралым щекIуэкI зэхъуэкIынгъэхэр сыт хуэдэу къэплъытэрэ?

- Урысейм и пщIэр дуней псом нэхъ лъагэ щ1ох1уж. Ди псэукIэрэ хуэм-хуэмурэ ифIыкIуэ.

- Хьэсэнбий, ди псалъэмакъым и кIэухыу мыбыкIи сыноупщIыну сыкъуейт, ар ди иджырей псалъэмакъым щымыщ хуэдэми. Уэ узикъуажэгъущ икIи сощIэ цIэ лей уэзрилэр: Щхьэлыкъуэ щыпсэу укъэзыцIыхуэхэр уэ къызэрроджэр Адыгэкlэщ. Сыт ар къызыхкIар?

- Пэжщ, «Адыгэр» си цIэ лейщ. Къызыхэкlари «сыдыгэщ» жысIэрейуэ зэрыщытарщ. Уеблэмэ, мыпхуэди къэхъуащ: «Хьэсэнбий щIэс?» - жиIэри ди деж зыгуэр ныIуэхьати, си щIалэ нэхъыщIэм: «Дэ апхуэдэ диIэкъым», - жиIэри IуигъэкIыжауэ щытащ.

- Уэзрыгушхуэ хъун щIэщ. Уи мурадхэр, хъуэпсапIэхэр Тхъэм къыуигъэхъулIэ.

Епсэлъар

НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.

● Налшык

IэнатIэщIэр ипэкIэ маплъэ

«Центр инновационного просвещения КБР» фIэщыгъэм щIэту ди республикэм къыщыхалъхьа социальнэ проектым гъэдгу егъуэт.

АБы и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэр иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэм хэгъэгъуэзэнырщ. Мы Iуэхур жылагъуэ гъащIэм хэпщIыкIыну теуха жэрдэмыр къыхалъхьащ Урысейм компьютер спортымкIэ и федерацэм, «Граждан Iуэху епIыкIэхэмкIэ институт» зэгуэхэныгъэм, КБР-м и щIалэгъуалэ центрым, Пэжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм, Жылагъуэ палатэм, КБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм.

Проектыр Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ: республикэм ис пенсионерхэм Интернетыр къагъэсэбэпыфу егъэсэн, кибер-волонтёрхэр щагъэхьэзыр школ кьызэIуихын, щIэныгъэтворчествомкIэ школ кьызэIуихын. Проектым и унэтIакIуэр щIалэгъуалэ жылагъуэ Iуэхуэхэм илъэс куэдкIэ жыджэру хэта Гериев Расулщ.

ХЬЭТУ Астемыр.

● Футбол

ТекIуэныгъэр аргуэру зыIэщIагъэкI

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - 1:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 8-м. ЦIыху 250-рэ елъэщ.

Судьяхэр: Холин, Охринменкэ (тIыри Мейкъуапэ щыщщ), Городовой (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Кльшэ (Iэщ1ын, 83), Сындыкъ, Ольмезов, Хьэшыр, Дзэху, Iэпщ1ацэ (Салахетдинов, 86), Шаваев, Ашу (Апажэ, 84), Бацэ.

«Динамо-Ставрополь»: Старцев, Глушков, Яцук, Халимулин, Синякин, Калягшин. Шереметов, Чернышов, Крутов, Абдокъуэ, КIуэрашын.

Топхэр дагъэкIащ: Бацэ, 46 (1:0). Яцук, 83 (1:1).

ЗыкIъОМ щIауэ цIыху мащIэ дыдэ фIэкIа къыззмыкIуаIэ Налшык и «Спартак» стадионым топджэгум дихьэхэр кьраш1эIэн папщIэ студентхэмрэ ди командэм и плъыфэхэм ящыщ плъыжьыр зэбэкI зыщыгъэхэмрэ пщIэ щIамьту зэIущIэхэм кIэлъыплъыну Iэмал иратынущ «Динамо-Ставрополь»-м вэсэмахуэ щыхуэзам щыщIадзауэ. ЗэкIэ Iуэхум къикIыща щыIэкъым, абы теуха хъыбар куэдым зэрамыщIам кьыхэкIыу, ауэ къэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкъым. Армырамэ нэщI стадионым, «Спартак-Налшыкыр» щыджэгукIэ, пщIэншэу еджакIуэхэмрэ пенсэм щысхэмрэ ирагъэхьэн зэрыхуейр дэри ди тхыгъэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэдгъэщащ икIи апхуэдэ щыкIэкIэ цIыху нэхъыбэ спортымрэ гъащIэ узынышэмрэ пхудегъэхьэхьанущ.

«Волгарь»-мрэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ зэкIэлъкъужьу бжьыгъэшхэхэр къызэрыхагъащIэрэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зыкъыжьыжьыфыркъым. Абыхэм иужькIэ зыдэджэгуа «Мэхъэчкъалэмэ» вэсэмахуэ зыIущIа «Динамо-Ставрополь»-ми ди щIалэхэр текIуэфын хуеящ, арщхьэкIэ, джэгум и кIыхьагъкIэ тепщэныгъэр яIыгъами, кIэух дакъикъэхэм очкоищыр зыIэщIагъэкIащ. Теугушхуэныгъэр абыхэм зэрафIэкIуэдам ар къыхэкIауэ фIэкIа нэгъэущ щхьэусыгъуэ тлъагъуркъым.

Мы гъэм щIэздза зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ «Динамо-Ставрополь»-р, дауи, Налшык къэкIуат текIуэныгъэр зыIэрирагъэхьэну и мураду. АрщхьэкIэ джэгум кIэухэр зыгъэгъэхьэну наIуэ хъуащ ар фIырыфIкIэ хьэщIэхэм къаззремыхьуIэнур: япэ дакъикъэм Бацэ Къантемыр бжьыгъэр къызэIуих пэтащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар зэуа топыр штангэм техуащ. Ставропольдэсхэм псынщIэу къагурыIуащ иужь зэманым къатепсуа бэлыхьхэм игъэгубжьа «Спартак-Налшыкым» хуэсакъын зэрыхуейр икIи зыкъызэмыжыныгъэм къаруушхуэ хухахащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм ди щIалэхэм къахуэгъуэтакъым «Динамо-Ставрополь»-м и гъуэм и Iуэнкlыбзэ1ухьр. Арщхьэкlэ, загъэпэсхуу къызэрихьэжу, Iэпщ1ацэ Маратрэ Хьэшыр Аланрэ Бацэ Къантемыр Iэмал гъуэгуджэ къыхуэзрагъэпэщащ икIи иужьым бжьыгъэ къызэIуихащ.

Япэ зэрищам налшыкдэсхэм гушхуэныгъэ къахилъхьащ икIи я ебгъэрыкIуэныгъэхэм къару лъэщкIэ къыпащащ. Бжьыгъэр яг1эбгъэуну ди щIалэхэр мызэ-мытIэу хущIыкъэгъуэ ихуащ. Абыхэм зыри къыщимыкIыну я гъуэм топ къыдрагъэгъэкIащ. 81-нэ дакъикъэм «Динамо-Ставрополь»-р, мы зэIущIэм щымыхабзэу, ди гъуэм псынщIэу къыбгъэдэкIыащ икIи бжьыгъэ зэхуэдэ ищIыжащ.

«Спартак-Налшыкыр» апхуэдэ Iуэхугъуэм зыкIи хуэхьэзырт зэкIыным икIи пэпIытэхкъым. Арати, текIуэныгъэр зэрызыIэригъэхьэн къару къэнэжа зэман кIэщIым кьызэкъуихыфащ. Бжьыгъэр къыщIащIыну.

Джэгур зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, иухащ. ТекIуэныгъэр аргуэру зыIэщIагъэкIами, ди щIалэхэм щытхъу яхуэфащэщ, Iэзагъ лъагэрэ псынщIагъэрэ къызэрагъэлъэгъуам папщIэ. «Динамо-Ставрополь»-м вэсэмахуэ щыхуэзам щыщIадзауэ, ЗэкIэ Iуэхум къикIыща щыIэкъым, абы теуха хъыбар куэдым зэрамыщIам кьыхэкIыу, ауэ къэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкъым. Армырамэ нэщI стадионым, «Спартак-Налшыкыр» щыджэгукIэ, пщIэншэу еджакIуэхэмрэ пенсэм щысхэмрэ ирагъэхьэн зэрыхуейр дэри ди тхыгъэхэм мызэ-мытIэу къыщыхэдгъэщащ икIи апхуэдэ щыкIэкIэ цIыху нэхъыбэ спортымрэ гъащIэ узынышэмрэ пхудегъэхьэхьанущ.

«Волгарь»-мрэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ зэкIэлъкъужьу бжьыгъэшхэхэр къызэрыхагъащIэрэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм зыкъыжьыжьыфыркъым. Абыхэм иужькIэ зыдэджэгуа «Мэхъэчкъалэмэ» вэсэмахуэ зыIущIа «Динамо-Ставрополь»-ми ди щIалэхэр зэхуэдэ ищIыжащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Дружба»	8	6	2	0	13-6	20
2. «Волгарь»	8	6	1	1	17-4	19
3. «Динамо-Ставрополь»	8	5	2	1	16-6	17
4. «Черноморец»	8	4	2	2	15-7	14
5. «Алания»	8	4	1	3	14-9	13
6. «Биолог-Новокубанск»	8	2	5	1	6-6	11
7. «Интер»	8	3	2	3	8-10	11
8. «Мэхъэчкъалэ»	8	3	2	3	5-7	11
9. «Спартак-Налшык»	8	3	2	3	10-15	10
10.«Краснодар-3»	8	2	3	3	10-16	9
11.«Анжи»	8	1	5	2	16-13	8
12.«Мэшыкъуэ-КМВ»	8	2	2	4	9-8	8
13.«Легион Динамо»	8	2	2	4	5-15	8
14.СКА	8	2	1	5	7-11	7
15.«Урожай»	8	0	3	5	5-12	3
16.«Спартак-Владикавказ»	8	0	3	5	7-18	3

● УФСИН

Я Iуэху зытетым зыщагъэгъуазэ

КОЛОНИЕР къыщызэкIуахьу, Кохтачев Виктор зыщIплъыхьащ тутнакъэхэмрэ я Iыхьлъхэмрэ щызэхуагъазэ пэшым, суд зытращIыхьахэр щыпсэу пэшхэм. Абы гупльитI хэха хуищIащ библиотекэм, абы щызэхуэхьаса тхылъхэм, нэхъ зэджэну кьыхаххэмрэ ахэр зыхуэдизымрэ зыщIагъэгъуазэщ.

Кохтачев Викторрэ Карпенкэ Петррэ зэрыгъэ ныпшыжхэм епсэлъащ, дзэхьхьэхэм, зэпэжьхэм щIэупщIащ. ХьэщIэхэм ягъэщIэгъуащ Iуэхущ1апIэм и блынкэм суртэгъэ зэрыфIэлъэр. Ахэр зи Iэдакъэщ1кIэ цIыхубзым жиIащ творческэ зэфIэкI зэрыбгъэщIэныр кьыщиущIар тезыгъэр щагъэзэкIуэж Iуэхущ1апIэм кьыщыхута нэужь зэрыщытыр.

Адэжь1э ахэр щыIащ 2019 гъэм и щ1ыш1ым кьыщыщ1дзауэ республикэм щылажьэ, Тезырхэр щагъэзэкIуэж центр №1-м. Хьэщ1эхэм щыжей пэшхэр, апхуэдэуи я псэупIэр зыхуэдэм зыщагъэгъуэзащ. Урысей ФСИН-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Iуэхущ1апIэм епсэлъащ суд зытращIыхьахэм. Центрыр къызэхэкIухьын яуха нэужь хьэщIэхэм жаIащ абы щыIэхэр Iэмал имыIэу зыхуеину псомкIи къызэрызэгъэпэщам арэзы къызэрищIар.

Адэжь1э лIыкIуэхэм я лэжьыгъэм щыпащащ Управлензм и актовэ пэшым. Кохтачев Виктор Управлензм и аппаратым и лэжьакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ Урысей ФСИН-м и Жылагъуэ советым зэфIигъэкIэжам. Абдежьым къызэхэхэр ирагъэплъащ «Я против коррупции» документальнэ фильмым.

Кохтачев Виктор лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ я къэпэжар хьэлэлу зэрагъэзащIэм папщIэ. Абы къыхигъэщащ Жылагъуэ советым и мурад нэхъыщхьэр УИС-м и лэжьакIуэхэм, ветеранхэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным жылагъуэр кьыхэзыгъэнырт, щхьэхуэхэм я ныбжьэгъуныгъэхэм я лэжьыгъэм. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ гупльитI зыхуэщIыпхъэ унэтIыныгъэхэри зэрыщыщIар икIи апхуэдэ гугъуехьэхэр кьызэнэкIыным зэрызэдегугъупхъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэнатlэм щызэфIагъэIэкI лэжьыгъэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ УФСИН-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Сасыкъ Анзор.

Зэ1ущIэм Iуэху гуапэхэ кьыпащащ. Урысей ФСИН-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Меньшов Владимир кьыбгъэдэкI Фlыщ1э тхылъхэр ираты УФСИН-м и унафэщI **Лыхь Аслъэнрэ** КБР-м щыIэ Управлензм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, «Советская молодежь» газетым и редакторэ кьызэрыщIар **Къардэн Мухьэмэдрэ.**

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **Зобар Мадинэ** *трихащ.*

● Бокс

Дзю къыбгъэдэкI саугъэт

Черкесск къалэм щекIуэкIащ Урысей спорт студент зэгуэныгъэныгъэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэмрэ я командэ къыхэхахэм боксымкIэ я зэIущIэ. Ар фэеплъ хуащIащ Кавказ щхьэдэхэпIэр зыхъыжьахэм.

ЗэХЬЭЗЭХУЭМ 6:3-уэ текIуэныгъэр щызыIэригъэхьащ КИФШIЩ-м и командэ къыхэхам. Абы хэлъхьэныгъэшхэу хуищIащ килограмм 81-м нэблагъэ зи зэпеуэм щэч кьызытумыхьэн текIуэныгъэ къыщыщIыхьа, КБР-м щыщ Мэзыхэз Резуан. Ди лъахэгъуэ гъэфэщащ «Зэхьэзэхуэм и боксёр хьэкIэ» саугъэтыр. Ар къритащ зэIущIэхэм кIэлъыплъа, профессионал боксымкIэ дунейпсо чемпион Дзю Костя.

Ди спортсменыр ягъасэ КIэрэфхэз Залымрэ Арсенрэ, Энеев Кязим сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● БэнэкIэ хуит

ЕхъулIэныгъэфIэкIэ зыIэрагъэхьэ

Ставрополь къалэм щекIуэкIащ «РусЭнерго-Нефть» ООО-м и саугъэтхэр къэхьыным ехьэлIауэ бэнэкIэ хуитымкIэ щIалэщIэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы зэIущIэкI лъагэхэр къыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэм.

ЩЫБЭНА хьэлъагъэхэм пашэныгъэр щаубыдащ Гурдалиев Рахим (кг 61-рэ), Мэшыкъуэ Руслан (кг 74-рэ), Iэпщэ Ренат (кг 79-рэ), Щомахуэ Руслан (кг 125-рэ). Дыжьын медалхэр кхъахащ Къумыкъу Абдар-Рахман (кг 74-рэ), Шокъум Ахьмэд (кг 79-рэ), Афэщ1ыж Аскэр (кг 86-рэ), Гъубж Алан (кг 125-рэ) сымэ. Мыд Адмир (кг 70) ещанэ хъуащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядлэжьхьэныбмкIэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныбмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуасэм и 19-м Печатным и хуитынымгъэр хъумэныбмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елъэкIахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Мэзбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елъэкIар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ зрадзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.083 ● Заказ №812